



Pou Piblikasyon Imedya: 09/09/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON EPI LANSE NOUVO KANPAY
SANSIBILIZASYON POU PREVNI SWISID EPI FÈ PWOMOSYON SANTE MANTAL**

***Lwa sou Lavi Etidyan an egzije pou yo enprime Liy 988 pou Swisid ak Kriz eta a
sou kat idantifikasyon etidyan yo***

***Kanpay 5 milyon dola a ap sansibilize sou 988 la sou rezo sosyo, sèvis difizyon,
televizyon ak kanpis inivèsite yo***

Nouvo aksyon eta yo te fèt pandan mwa prevansyon swisid nasyonal la

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a lejislasyon epi anonse yon nouvo kanpay multimedya nan tout eta a pou ede prevni swisid epi fè pwomosyon sante mantal. Lejislasyon S1865B/A6563A — Lwa sou Lavi Etidyan — an egzije inivèsite atravè Eta New York yo enprime enfòmasyon konsènan Liy 988 pou Swisid ak Kriz la sou tout kat Idantifikasyon etidyan yo. Nan rapò ak Mwa Prevansyon Swisid la an septanm, Gouvènè a ak Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) Eta a te lanse yon kanpay 5 milyon dola pou sansibilize sou 988 la, ki gratis, konfidansyèl, san pati pri, epi ke moun ka gen aksè nan li nenpòt lè lajounen oswa lannwit pa telefòn, tèks, oswa chat.

"Liy 988 pou Swisid ak Kriz la vle di gen èd ki toujou disponib, ke se pou yon moun k ap eksperimante yon kriz sante mantal oswa toksikomani oswa ki konnen yon moun ki bezwen asistans sa," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan nou rekonèt Mwa Prevansyon Swisid la, nou dwe asire tout Nouyòkè yo okouran de resous enpòtan sa epi yo vle itilize l nenpòt lè yo menm oswa yon moun yo konnen bezwen èd."

Lwa sou Lavi Etidyan an, ke Senatè Samra Brouk ak Manm Asanble Sarah Clark te patwone a, egzije tout kat Idantifikasyon etidyan nan inivèsite yo nan New York pou genyen enfòmasyon sou Liy Lavi 988 la vè 2025. Dapre lwa sa, inivèsite yo dwe bay resous tou pou etidyan yo ki dekri kilè pou itilize nimewo 988 la. Y ap egzije tout inivèsite ki pa bay kat Idantifikasyon pou distribye enfòmasyon sou 988 la chak ane bay etidyan yo atravè lòt materyèl.

Kanpay sansibilizasyon piblik 5 milyon dola nan tout Eta New York la, ki dirije pa Biwo Sante Mantal Eta a, ap prezante slogan, '[Nou Tande Ou](#),' epi li vize ankouraje plis

Nouyòkè itilize Liy 988 pou Swisid ak Kriz la nenpòt lè yo menm oswa yon moun yo konnen ap fè eksperyans yon kriz sante mantal oswa konsomasyon dwòg. Piblisite yo ap prezante sou divès platfòm, ki enkli [rezo sosyo](#); pano afichaj, siyalizasyon sou kanpis inivèsite yo ak nan evènman yo; pandan evènman espòtif yo; sou televizyon tradisyonèl ak radyo; ak sou lòt platfòm dijital tankou sèvis difizyon mizik ak videyo.

Kanpay la ap genyen ladan l divès piblisite ki konsantre sou popilasyon ki diferan ki ta ka benefisye de 988 la men ki gen konesans ki pi fèb de sèvis sa nan gwoup konsantrasyon yo. Sa enkli sekouris ak pwofesyonèl swen sante; jèn ki gen laj pou lekòl ak etidyan inivèsite, ak Moun Nwa, Latino, ak LGBTQ+ yo.

Komisè Biwo Sante Mantal Eta, Doktè Ann Sullivan, te deklare, "Meyè fason pou prevni swisid se poze kesyon pou èd bonè, si w santi an bès, deprime, oswa twouble. E youn nan mwayen ki pi efikas pou resevwa èd se rele 988 epi pale ak yon konseye ki fòme epi resevwa nenpòt asistans ou ka bezwen an. Efò kontini Gouvènè Hochul pou resous ki enpòtan anpil sa, ap sove lavi nan eta nou an."

Senatè Eta, Samra G. Brouk, te deklare, "Sante mantal ak estrès ap afekte etidyan nan inivèsite yo nan nivo ki pwofon — pwojè lwa sou Lavi Etidyan sa se lejislasyon ki sove lavi ki ka prevni kriz pou elèv yo ak fanmi yo. Nou dwe koute jèn moun yo lè yo di yo bezwen plis sèvis sante mantal nan inivèsite. Lejislasyon an te fòme antanke yon repons dirèk a kòmantè etidyan yo ak yon bezwen ki enpòtan anpil pou santre vwa jèn yo nan konvèsasyon sou sante mantal. Ak 988 la ki sou idantifikasyon etidyan yo, jèn moun yo gen yon koneksyon dirèk pou swen ki afiche konpasyon. Sa se yon viktwa monimantal pou sante mantal jèn yo nan Eta New York — Mwen rekonesan a Gouvènè Hochul la dèske li priyore bezwen pou abòde kriz sante mantal yo anvan yo rive."

Manm Asanble, Sarah Clark, te deklare, "Suisid se dezyèm koz lanmòm pou etidyan nan inivèsite nan Etazini, epi twòp etidyan konsidere swisid, tantativ swisid, osa pwovoke blesi envolontè sou tèt yo. Lè yo fè fas ak panse sa yo, li vital pou etidyan nan tout New York okouran de resous imedyà yo. Li enpòtan anpil pou nou asire Liy 988 pou Swisid ak Kriz ak Liy Tèks nan Ka Kriz la nan 741741 yo toujou disponib lè nou mete yo sou kat idantifikasyon etidyan an. Antanke yon manman yon etidyan nan inivèsite aktyèlman, mwen konnen bezwen pou plis sipò sante mantal e mwen fyè anpil dèske mwen te pote epi adopte Lwa sou Lavi Etidyan an nan Asanble a. Mèsi a patnè nou yo nan SUNY, CUNY, kolèj ak inivèsite nan tout Eta a, ak chak moun ki te ede fòmile epi defann pwojè lwa sa, ak pou Gouvènè Hochul fdèske li franchi pa sa avèk nou pou asire ke chak etidyan nan New York konnen ke yo gen yon moun yo ka ale kote l."

988 la ki sipòte nan toule 62 konte nan eta a, bay yon koneksyon ak konseye pou kriz ki fòme ki ka ede yon moun k ap reflechi sou swisid, lite kont konsomasyon dwòg, k ap eksperimante yon kriz sante mantal, oswa tout lòt kalite detrès emosyonèl pou resevwa sipò pèsonèl, jwenn èd imedyà epi konekte ak sèvis swivi. Sèvis la gratis, konfidansyèl, san patipri, epi ou ka gen aksè ladan l 24 èdtan pa jou ak sèt jou sou sèt.

Bidjè Ane Fiskal 2024 Gouvènè Hochul la te ogmante kapasite Sant Kontak pou Kriz 988 yo lè li te ogmante finansman yo soti nan 35 milyon dola a 60 milyon dola pa ane. Plis pase 478,388 apèl ak 75,661 ak tchat te achemine dirèkteman bay Sant Kontak kont Kriz 988 la depi 2022, ki enkli, apèl 77,000 ki soti nan ansyen manm sèvis yo ki konekte dirèkteman atravè 988, Liy Kriz pou Ansyen Militè ki konsakre a.

Yo rekonèt septanm nasyonalman antanke Mwa Prevansyon Swisid, devwa pou fè pwomosyon konsyantizasyon, edikasyon, ak aksyon pou prevni swisid. Rekonesans sa onore lavi ki pèdi nan swisid yo, sipòte sivivan pèt swisid yo, epi ranfòse angajman Eta New York nan sante mantal ak byennèt pou tout moun.

Swisid te reklame lavi plis pase 1,700 moun nan New York an 2022. Se dezyèm koz lanmò pami moun ki gen ant laj 25 a 34 an, e twazyèm koz lanmò pou jèn ak jèn adilt ant laj 10 a 24 an.

Nan kòmansman ane sa, Eta a te bay [senk pri sou kondisyon](#) ki bay yon total 15 milyon sou senk lane pou ede founisè sèvis kominotè yo devlope pwogram ki inovan k ap ede diminye risk swisid pami jèn ki soti nan popilasyon ki defavorize istorikman yo. Finansman atravè pwogram Konekte Jèn yo ak Sipò pou Sante Mantal (Connecting Youth to Mental Health Supports) la ap ede devlope pwogram ak estrateji prevansyon swisid pami popilasyon ras ak minote etnik ak gwoup LGBTQ+ yo ki enkli sila yo ki nan zòn rural yo.

Eta a te rekonvoke tou [Gwoup Travay sou Prevansyon Swisid](#) la ak yon objektif ki bati sou rekòmandasyon moun ki te anvan yo fè. Rekòmandasyon sa yo genyen ladan yo ranfòsman apwoch sante piblik yo, k ap amelyore konpetans sistèm sante a, amelyore metòd siveyans yo, epi enspire konpetans kiltirèl nan estrateji prevansyon swisid Eta a.

Ane pase, Eta a te kòmanse yon efò 10 milyon dola ki finanse atravè Depatman Sante Ameriken (U.S. Department of Health) ak Administrasyon Sèvis Toksikomani ak Sante Mantal, Sèvis lmen yo pou abòde pwoblèm mantal ak sante konpòtmantal pami jèn yo, ak objektif pou asire gen aksè ki ekitab pou popilasyon ki defavorize yo. Anplis, OMH te resevwa sibvansyon federal 3.5 milyon dola pou devlope modèl Zewo Swisid la — yon apwoch sistemik pou entegre prevansyon swisid la nan sistèm swen sante a — pami 13 Klinik Sante Konpòtmantal ki Sètifye.

Anplis inisyativ sa yo, Sant Prevansyon Swisid New York la, ki loje nan OMH, bay asistans teknik pou fè efò prevansyon Eta yo avanse epi ofri resous gratis ki disponib sou [demand](#). Sant lan fè fòmasyon elaji tou, ak apeprè 194,000 Nouyòkè ki konplete materyèl kou presi sou swisid la depi 2018.

Sant lan te devlope Inisyativ CARES UP la, yon efò prevansyon ki vize pou favorize yon anviwònman ki bay sipò pami pèsonèl ki gen inifòm kote sante mantal priyorize. Inisyativ 3 million OMH finanse a te bay sibvansyon pou 13 ajans ranfòse efò prevansyon swisid ak pwogram byennèt pou sekouris ansyen militè yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)